

MAKNA SIMBOLIS LAN NILAI FILOSOFIS GUNUNGAN ING PAGELARAN WAYANG KULIT

Wahyuntoro Sabdho, Prof. Dr. Ujang Pairin M Basir, M. Pd

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Weye22@gmail.com

Abstrak

Wayang purwa minangka salah sawijine kesenian warisan leluhur kang wis kondhang ing jagad. Wayang uga ditetepake dadi warisan budaya bangsa sadonya. Wayang asale saka tembung wewayangan sing karepe minangka wewayangane manungsa. Gunungan minangka wayang sing paling nyleneh lan nduweni piwulang luhur sing kinandhut. Saka dhasar kasebut sesambungan karo anane tandha lan nilai. Punjere panliten iki yaiku ngenani apa wae jinis gunung, simbol apa kang ngrenggani saben gambare, lan nilai filosofi kang kinandhut. Adhedhasar punjere panliten, ancas panliten iki ngandharake lan njlentrehake apa wae jinis gunung, simbol apa kang ngrenggani saben gambare, lan nilai filosofi kang kinandhut. Paedah panliten iki yaiku kanggo nyengkuyung ilmu semiotik lan estetik utamane gunung. Paedah liyane kanggo ngrembakake materi ing bidhang mligine makna saka tandha lan nilai piwulangan.

Panliten iki kalebu budaya sastra awit ngrembug bab karya sastra sing ana ing budaya. Teori kang digunakake yaiku teori semiotik tandha saka Peirce lan filosofi teorine Harry Hamersma. Dhata panliten iki dijupuk dening panliti ing lapangan. Sumber dhatane asale saka cathetan lan rekaman karo dhalang lan dhosen ISI Surakarta. Tatacara nglumpukake dhata kanthi metodhe wawancara. Teknik kang digunakake yaiku teknik cathet lan observasi.

Jinis gunung kang dijlentrehake ing panliten iki ana telu yaiku gunung sakaten gunung gapura Bali lan gunung wayang kulit. Gunung wayang kulit ing kene diperang dadi loro yaiku gunung hakekat lan gunung gapuran. Gunung gapuran bisa diperang ing saben gambare lan wujud. Gunung hakekat uga bisa diperang ing saben gambar lan wujud. Gunung ing pagelaran wayang nduweni nilai filosofi kang ngandhut aspek piwulang. Nilai filosofi gunung kang ana sajrone pagelaran wayang kulit tumuwuh nalika ditancepake, digunakake, lan disolahake.

Tembung Wigati: makna simbolis, nilai filosofis, gunung, pagelaran, wayang kulit

PURWAKA

Landhesane Panliten

Wayang purwa minangka salah sawijine kesenian warisan leluhur kang wis kondhang utawa misuwur ing nuswantara lan jagad. Kesenian wayang digandrungi dening kabeh perangan masyarakat utamane ing Jawi sisih wetan lan Jawi Tengah. Saliyane kuwi wayang purwa uga salah sijine kesenian wayang sing isih mgrembaka nganti seprene. Wayang uga ditetepake dadi warisan budaya bangsa sadonya, mula bisa njalari bungahe masyarakat Jawa lan Nuswantara minangka sing nduweni kesenian wayang.

Salah sawijine perangan saka wayang yaiku anane gunung. Jinise gunung kuwi maneka warna wujud, nanging sing gampang

ditengeri yaiku gunung sing wujud kaya bucu. Gunung ing kene akeh banget ngandhut nilai filosofi sing kudune bisa dimangerteni dening masyarakat Jawa. Gunung ing sawijine pagelaran wayang minangka punjere, amarga gunung wayang kanggo mbukak nutupe lakon lan sapiturute. Mula panliti nyoba nliti nilai filosofi lan simbolis jroning gunung wayang.

Underane Panliten

Ing ngisor iki bakal kaandharake undere panliten yaiku

- (1) Apa wae jinis gunung kuwi?
- (2) Simbol apa wae kang ngrenggani saben gambar jroning gunung?

- (3) Nilai filosofi apa wae kang kinandhut ana gunungan wayang kulit ing sawijining pagelaran?

Ancase Panliten

Adhedhasar punjere panliten, ancase panliten ana ing ngisor iki.

- (1) Ngandharake lan njlentrehake jinise gunungan.
- (2) Ngandharake lan njlentrehake makna saka simbol kang ana ing saben gambar gunungan wayang.
- (3) Ngandharake lan njlentrehake nilai filosofis kang kinandhut ana gunungan ing pagelaran wayang kulit.

Paedahe Panliten

Panliten iki dikarepake bisa menehi paedah kanggo para panliti ngenani makna simbolis lan nilai filosofis supaya bisa nliti kanthi luwih gamblang, cetha, lan jangkep sarta bisa weneh kawruh kanggo para maos. Bisa narik kawigatene para maos supaya ndadekake tambahan kawruh sing bisa dijupuk.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Gunungan lan Fungsine

Gunungan ana ing wayang purwa nduweni daya sing khas amarga wujud sing kaya buceng lan nduweni fungsi sing banget diperlokake ana ing saben pagelaran wayang purwa. Gunungan nduweni nilai-nilai filosofis sing kinandhut sajrone gunungan iku dhewe. Akeh sing ngarani yen gunungan iku wujud kaya buceng pucuke lancip, mula gunungan wayang gampang dititeni. Kabeh wong bisa ngerti yen iku gunungan, nadyan wong sing lagi ngerti wayang merga wujud lancip kaya gunung. Gunung uga diarani kayon, kayon tegese ing tengahe gunungan wayang sing ana kayune. Kayu ing kene bisa nggambarake surga uga bisa diarani kayu sing ngemu pralambang ngelmu luhung sing dadi sumber urip.

Kayon uga bisa diarani jantung manungsa sing dadi punjere urip, jantung sing ana pagelaran lakon wayang. Kayon minangka gegambarane urip nalikane dhalang lagi nggelarake lakon wayang amarga wujud kaya jantung manungsa nalikane gunung iku diwalik ngisor ndhuwure.

Bab sing diandharake Windradi (1997:12) ngenani “gunungan” merga wujud memper kaya pucuk gunung kang lancip / lincip. Diarani “kayon” merga ana kang merdeni mangkene: kayon saka tembung kayu, maksude wit, marga ing kono ana wite (utawa kayon) mula ana tembung kekayon tegese wit-witan”.

Sabanjure Sumarno (1985: 4) ngandharake wayang sing wujud khas, yaiku wayang gunungan utawa kayon sing bisa kanggo nggambarake maneka warna wujud utamane kanggo kepentingan kasebut. Upamane kanggo nggambarake angin, geni, banyu, lan sapanunggalé, nanging gunungan wayang nduweni teges sing luwih jero minangka pralambang urip kanthi anasir-anasir, liku-likune urip lan uga tujuwane.

Bastomi (1992: 260) ngandharake gunungan yaiku wayang sing bentuke lincip mendhuwur kaya bentuke gunung. Gunungan nduweni piwulangan filsafat ngenani kawicaksanan. Bab iki nuduhake yen lakon wayang ngemot piwulangan ngenani nilai-nilai sing dhuwur lan jero. Ana ing pagelaran wayang kulit sing dadi punjere pakeliran yaiku gunungan. Gunungan sing digawe dening Sunan Kalijaga nalikane jaman Demak diarani gunungan blumbangan, dene nalikane jaman Kartasura digubah dadi gunungan gapuran.

Wayang kayon kerep diarani gunungan merga wujud kaya gunung. Wayang kasebut diciptakake dening Sunan Kalijaga nalika jaman Demak. Asil saka daya cipta utawa ungkapane semangat nuju cita-cita supaya manungsa bisa slamet jiwane lan adoh saka bebaya nepsu sing ora bisa dikendhaleni kanthi nyucekake iman. Tembung kayon asale saka basa kawi kayun sing tegese karsa utawa karep urip (Sumarno, 1985: 17).

Wujud gunungan memper karo wujud jantung manungsa. Bab iki sesambungan karo aran kayon lan fungsi gunungan minangka gegambarane urip utawa jantung kanggone wayang. Gunungan minangka punjer sakabehe pagelaran wayang kulit, wayang durung bisa urip yen ta gunungan durung miwiti lan ditancepake ing debog. Wayang urip ing pakeliran yen gunung wis dijabel saka debog lan minangka kanggo gantine adhegan, mula wayang sing urip wis ganti. Saliyane iku wujud gunungan uga dadi lambang asal usul tujuwane urip,

sesambungane manungsa karo Gustine lan kahanane manungsa ing alam (Purwoko, 2010: 40).

Filsafat Jawa

Wujud kabudayan tingkatan sing paling dhuwur yaiku ngenani nilai-nilai. Nilai mapan ana alaming pamikirane manungsa sing isih ngugemi sawijine kabudayan. Nilai ora bisa dicekel, disawang, nanging nilai bisa dirasakake jroning batin utawa atine manungsa. Nilai nduweni fungsi minangka pathokan sing paling utama kanggone tata lakune urip lan kanggo njaga sesrawungan sosial. Serawungan ana sing ngendhaleni, ngatur, lan bisa ngarahake lakune manungsa (Purwoko, 2010: 7).

Semiotik

Peirce sajrone (Sobur, 2003: 13) sing ndhasari saka semiotik konsep ngenani tandha ora mung basa lan sesrawungan, nanging kabeh sing sesambungan karo pamikirane manungsa. Manungsa nduweni tandha basa kanggo mbedakake karo kewan. Mula basa iku minangka tandha sing paling cetha kanggone manungsa. Carane sesrawungan uga bisa mbedakake antarane manungsa saben papan panggonan.

Teori ing Panliten Iki

Teori kang digunakake yaiku teori semiotik sing diandharake dening Charles Sanders Pierce. Pierce ngandharake semiotic tandha, sing ndhasari saka semiotik konsep ngenani tandha ora mung basa lan sesrawungan, nanging kabeh sing sesambungan karo pamikirane manungsa. Manungsa nduweni tandha basa kanggo mbedakake karo kewan. Mula basa iku minangka tandha sing paling cetha kanggone manungsa. Carane sesrawungan uga bisa mbedakake antarane manungsa saben papan panggonan.

Teori filsafat sing digunakake ing kene miturut teorine Hamersma (2008: 11) Tembung "filsafat" saka basa Yunani sing ateges "tresna merga hikmat" utawa "tresna marang ngelmu". Pawongan filsuf yaiku wong sing nresnani filsafat sing seneng nggolek (philos) hikmat uga ngelmu pengetahuan (sophia). Tembung philosophos diciptakake kanggo nggambarake samubarang.

Hikmat iku sing nduweni Gusti, manungsa sing nggoleki hikmat uga nggolek ngelmu.

Sabanjure Sumarno (1985: 4), Wayang sing wujud khas, yaiku wayang gunungan utawa kayon sing bisa kanggo nggambarake maneka warna wujud utamane kanggo kepentingan kasebut. Upamane kanggo nggambarake angin, geni, banyu, lan sapanunggalé, nanging gunungan wayang nduweni teges sing luwih jero minangka pralambang urip kanthi anasir-anasir, liku-likune urip lan uga tujuwane.

METODHE

Sipate Panliten

Panliten ngenani makna simbolik lan nilai filosofis gunungan ing pagelaran wayang kulit iki nganggo cara kualitatif. Cara kualitatif iki dijlentrehake dening Bodgan lan Taylor (2000 : 3) minangka prosedhur sing weneh asil dhata deskriptif arupa dhata kang diteliti iku selaras karo apa anane, asipat alamiah saka lisane wong-wong lan prilaku sing diteliti, banjur sing arep dideskripsikake ing panliten iki sesambungan karo makna lan nilai filosofi sing kinandhut tumrap gunungan wayang utawa kayon.

Dhata lan Sumber Dhata

Dhata sajrone panliten iki arupa gambar gunungan wayang utawa kayon. Ing antarane gambar wit kang manggon ana ing tengahe gunungan, gambar ula sing nggubet ing wit, gambar kethek, makara utawa sirah gedhe, gambar kembang sing ana pucuk wit, gambar bantheng, gambar macan, gambar ilu-ilu banaspati kanan kereng, gambar samudra, gambar gapura lan omah joglo, gambar geni, gambar buta.

Sumber dhata sing digunakake ing kene yaiku kanthi cara dhokumentasi arupa foto lan gambar-gambarsing ana ing gunungan utawa kayon wayang kulit. Saliyane iku panliti uga nganggo dhata informasi asil saka wawancara minangka panyengkuyung.

Instrumen Panliten

Instrumen utama panliten iki, yaiku panliti dhewe. Instrumen panliten yaiku arupa *handphone* kanggo ngrekam nalika wawancara karo

narasumber. Bab iku ditindakake panliti supaya panliti ora lali dhata-dhata apa wae sing wis diklumpukake mau.. Kanggo nggampangake proses wawancara, panliti nggunakake pedhoman wawancara kang trep karo bab kang dadi punjere panliten. Saliyane iku panliti uga nyiyapake alat kang dinggo nyathet dhata ngenani gunungan kasebut, kayata buku lan pulpen.

Tatacara Nglumpukake Dhata

Tatacara kang dinggo nglumpukake dhata, yaiku kanthi metodhe dhokumentasi, observasi, lan wawancara. Metodhe observasi digunakake ing kene kanggo ngliti kanthi langsung karo didokumentasake. Bab iki supaya bisa oleh dhata informasi sing sesambungan karo makna lan nilai filosofi sing kinandhut tumrap gunungan wayang utawa kayon.

Tatacara Njlentrehake Dhata

Kanggo nguji dhata iku panliti uga wawancara karo dhalang loro, sing kabeh arupa dhata makna simbolis lan nilai filosofis tumrap gunungan.

Panliten iki minangka panliten kang sipate kualitatif, mula bakal diandharake miturut paugeran lan tatanan kang awujud tembung-tembung. Dhata kang wis diklumpukake banjur dijlentrehake kanthi cara kualitatif. Tatacara deskriptif kualitatif yaiku tatacara ngonceki dhata nganggo tembung, dudu angka kang bisa menehi andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka subjek panliten (Azwar, 1998:126).

Tatacara Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Sajrone panliten iki, tatacara ngandharake asil njlentrehake dhata yaiku kanthi ngandharake asil njlentrehake dhata awujud laporan ngenani makna simbolis lan nilai filosofi tumrap gunungan wayang kulit. Sawise kabeh dhata wis jangkep, banjur klasifikasi dhata. Sawise banjur didskrepsekake asil saka observasi, asil wawancara, lan dianalisis.

Sing kapisan golek lan klasifikasi gambar apa wae sing ana ing gunungan wayang lan nilai apa wae kang kinandhut tumrap gunungan wayang ing sawijining pagelaran wayang jangkep. Kaping

pindhone ndelok saka wujud ukiran gambar apa wae sing ana ing gunungan. Banjur apa wae kang kinandhut ngenani makna saben gambar sing ana ing gunungan. Andharan saka asile panliten sajrone panliten makna simbolis lan nilai filosofis gunungan ing pagelaran wayang kulit ditulis kanthi urut.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN

4.1 Jinis-jinise Gunungan

4.1.1 Gunungan Sekaten

Sekaten maknane padha wae sejatine sing ateges lancip mendhuwur kuwi manungsa mesthi nyawang mendhuwur marang Tuhan. Saiki makna saka jajanan pasar iku aku durung ngerti tenan. Sekaten kuwi sejatine saka tembung *syahadattain* utawa rong kalimah syahadat. Kanthi nduweni tujuwan ngumpulake wong-wong supaya ngumpul lan diweni piwulang maca rong kalimah syahadat supaya manungsa mlebu Islam.

Tradhisi sekaten ing kene nduweni makna filosofis sing kudu dimangerteni lan dirembakakake. Sekaten dhewe wiwitane saka jaman Demak sing tujuwane kanggo nglumpukane wong-wong supaya nalikane wis mlumpuk diwarahi rong kalimah syahadat. Jaman Demak kuwi nalikane jaman gantine saka agama Hindhu dadi Islam. Agama sing digawa *saudhagar* india gilir gumanti luntur merga kalah karo agama islam. Mula wong-wong sing sadurunge agamane Hindhu bisa mlebu Islam. Saka ngucap rong kalimat syahadat lan piwulangan-piwulangan ngenani agama islam.

Sekaten wiwitane nalikane jaman kerajaan Demak. Gunungan sekaten direbutake sabubare luhur, dionekake gamelan kyai Gunturmadu lan kyai Nogowilogo. Gunungan sekaten isine saka tetanduran woh-wohan lan jajanan pasar.

Gunungan sekaten sing digawe saka woh-wohan banjur didum marang masyarakat. Wektune ngedum sabubare wektu solat luhur sabubare gamelan kyai Guntur Madu lan kyai Nogowilogo. Gamelane dionekake banjur jajan lan woh-wohan

direbutake. Gunungan sekaten minangka puncak adicara sekaten. Gunungan sekaten iki minangka lambang kemakmurane manungsa sing urip ing sakupenge. Makmur saka asil woh-wohan sing dipanen lan jajanan sing diasilake. Wong-wong rebutan isen-isene gunungan sekaten kanthi karep supaya saka asile gunungan kuwi bisa nambah berkahe nalikane ngadhepi urip sabanjure lan tansah pinaringan murah rejeki saka kersane Gusti.

4.1.2 Gunungan Gapura Bali

Bali kuwi nduweni gunungan dhewe. Gunungan Bali beda karo gunungan klasik saka agama Islam. Bali wujud mlengkung ora nduweni sudhut sing mertandhani urip bakale mati lan mbesuke bakal diuripake maneh, nanging iki gapura Bali dudu gunungan. Maknane padha karo telung urip sing ana agama Hindhu sing wis dak jlentrehake.

Gapura Bali ing kene klebu nduweni makna filosofis sing kudu dimangerteni saben umat Hindhu. Bali nduweni gunungan sing seje karo gunungan Islam sing digawe dening para Wali. Gunungan Bali mlengkung nuduhake urip umat Hindhu. Sudhut telu ing agama Hindhu Bali uga digathukake karo urip ana ngalam donya. Ateges wong urip ana donya, banjur mati lan mbesuke bakal diuripake maneh utawa *reinkarnasi*. Gapura Bali iki wujud memper karo gunungan sing digawe para Wali. Lancip mendhuwur lan nduweni telung dimensi. Telu sing dikarepake agama Hindhu nduweni telung Mahadewa sing nguwasani donya. Lancip mendhuwur tegese padha yaiku kanggo manambah marang Gustine sing kuwasa sing papane ana sandhuwure drajate manungsa.

4.1.3 Gunungan Gapura Waringin Lawang

Wujud gapura arupa Candhi Betar, yaiku arane wewangunan gapura sing wujud rong wewangunan memper, nanging minangka *simetri* wewayangan sing matesi kiwa tengen dalan mlebu. Candhi Betar ora nduweni payon sing sambung mula kalorone sisi pinisah sampurna lan mung sambung ngisore kanthi anane bancik. Biasane diarani "*gerbang terbelah*".

Gapura iki wujud binelah loro, kiwa tengen sing tengahe kanggo dalan manungsa. Gapura iki yen diraketake dadi siji kaya gunung sing ngisore amba banjur lincip mendhuwur. Lawang tegese dalan kanggo mlebu sawijine panggonan, dene gapura waringin lawang iki dipercaya kanggo dalan mlebu marang kerajaan Majapahit. Ora mung kuwi, nanging akeh sing percaya gapura iki kanggo dalan mlebu menyang daleme Maha Patih Gajah Mada sing ora samubarang wong bisa ngleboni.

4.1.4 Gunungan Wayang Kulit

(1) Gunungan Gapuran

Gunungan gapuran ing pagelaran wayang kulit nduweni nilai filosofis sing kinandhut. Gunungan sing paling asring digawe jroning pagelaran wayang kulit menika gunungan gapuran. Gunungan gapuran sing nyipta paling dhisik dhewe kanjeng Sunan Kalijaga ngnati seprene tansah dijaga lestarine. Minangkani piwulang luhur marang sakabehaing manungsa sing nduweni kaendahan lan narik kanggo disinaoni. Gunungan iki tengah-tengahe ana gambar omah joglo minangka pambada karo gunungan blumbangan sing ana gambar blumbang esi iwak.

Gambar omah joglo sing ana tengah-tengahe gunungan nduweni karep kanggo piwulangan manungsa. Dijaga Cingkara Bala Bala Upata sing njaga omah kanggo piwulang tumrap manungsa nalikane nduweni gegayuhan kudu ngliwati cara sing ora gampang. Tujuwan manungsa urip kabeh mono kanggo golek sejatine urip manut tuntunane Gusti liwat agama. Nggayuh kabeh mau ora bakal gampang kaya malik tangan, kudu ngliwati urip sing tansah njaga bebener, nglakoni wajib nyingkiri dosa.

(2) Gunungan Blumbangan

Gunungan sing paling dhisik dhewe diciptakake yaiku gunungan blumbangan. Gunungan blumbangan sing nyiptakake Kanjeng Sunan Bonang kang nduweni tujuwan kanggo ngislamake wong-wong hindhu jaman biyen sing akeh ana tanah Jawa.

(3) Gunungan Hakikat

Hakekat saka gunungan hakekat iki nduweni nilai filosofis sing kinandhut. Rukune masyarakat agama kuwi banget penting kanggo

langsunge urip ing donya. Padha karo niat saka sing nyipta gunung hakekat iki minangka ngrukunake sakabehing limang agama sing ana Nuswantara iki. Agama lima sing didadekne siji ana sawijine gunung utawa piwulange kanggo manungsa nadyan beda kapercayan, nanging tujuwan urip iki kanggo karukunan sosial masyarakat lan agama. Kabeh mono padha-padha nengenake bebener sing minangka pedhoman urip saben dinane.

4.2.1 Aspek Semiotik Saben Gambar Gunungan

4.2.1.1 Sudhut Telu Tanpa Bungkus

Gunungan hakikat iki digawe kanthi sudhut telu tanpa diwenahi bungkus. Telu ing donya iki tegese urip, urip kuwi saka ora ana, ana, ora ana. Ora ana merga isih durung dicipta, ana tegese wis urip ana ngalam donya, lan ora ana merga wis gumanti alam ana ing alam akherat.

4.2.1.2 Trimurti

Padha karo tujuwane gunung iki sing kepengin manungsa kabeh kuwi rukun nadyan beda agamane. Trimurti kuwi simbol agama Hindhu, sing tegese Bhrahmana Wisnu Siwa. Telung Dewa sing dianggep paling nduweni pengaruh ana donya lan penguripane manungsa.

4.2.1.3 Wulan Tumanggal

Sanjatane wong perang ing jaman biyene kuwi nganggo sanjata sing wujudé memper karo wulan tumanggal. Digambar ana gunung iki mergane kanggo nuduhake siasate perang biyene sing paling mandi kanthi niru bentuk wulan tumanggal.

4.2.1.4 Stupa

Gunungan Hakikat iki uga ana gambar Stupane. Stupa dhewe minangka lambang agama Budha. Padha karo tujuwane kanggo ngrukunake kabeh agama utamane ing Nuswantara, mula uga ana lambang agama Budha. Stupa kuwi kanggone minangka makam wong agama Budha.

4.2.1.5 Malaikat/Roh Kudus

Mapan ana ngisor sing ngungkuri gambar ula diarani gambar roh kudus. Digambar ngungkuri merga ngungkuri ula utawa sing dianggep dosa. Malaikat sing ngawasa apik alane tindak tanduk manungsa.

4.2.1.6 Banyu utawa Segara

Gambar sing ngisor dhewe diarani banyu. Banyu ing kene digambar biru merga nggambarake anane banyu segara. Segara dhewe minangka sumber panguripane manungsa. Segara ngasilake kaya sing banget akehe, dene banyu banget kanggone tumrap manungsa. Manungsa ora bisa urip tanpa anane banyu. Manungsa mbutuhake banyu sing paling utama kanggo ngombe.

4.2.1.7 Domba

Kewan loro sing wernane putih kuwi domba. Domba sing ana agama Kristiani dianggep kaya manungsa sing kudu tansah dituntun ing laku tanpa nyimpang ing dosa. Mula manungsa aja sirik lan rumangsa bisa, nanging elinga sapa sing bisa nuntun manungsa supaya bisa antuk dalan padhang.

4.2.1.8 Cahya Mancer

Wujudé kaya lar lagi njebabah kuwi dikarepake cahya sing lagi madhangi jagade manungsa. Cahya kuwi minangka cahya suci saka saben-saben agama sing dinut manungsa. Cahya pepadhang sing kudu dadi pangeling-elingé manungsa supaya bisa tansah dadi pepadhang marang sapada.

4.2.1.9 Srengenge

Alam donya iki ora bisa ketara tanpa anane srengenge minangka sing madhangi jagad ing wayah awan. Wayah wengine kuwi ana rembulan sing madhangi jagad peteng. Manungsa aja mung mikir nalikane seneng wae, ngayomi, madhangi marang sapada kuwi aja milih penak orane, nanging lakonana kanthi ikhlas supaya tansah antuk piwales sae saking Gusti.

4.2.1.10 Wit Pang Nem

Wit ing ngalam donya iki minangka pengayoman lan kanggo nyaring hawa sing bakal dadi napase manungsa. Wit ngayomi donya, merga saka anane wit hawa sing reged bisa dadi resik. Padha karo manungsa ilangana sipat ala supaya bisa weneh sakabawah perkara apik marang donya iki.

4.2.1.11 Ula

Ula kewan sing nduweni wisa mandi. Wisane ula kanggo mateni musuh utawa kanggo golek pangan. Dene ula digambar ing gunung iki karepe kanggo nggambarake dosa. Wisa kuwi nyilakane padha karo dosa kuwi sing bakal nyilakani urip.

4.2.1.12 Kembang

Kembang digambar ana pucuk gunungan. Kembang kuwi wangi mula digoleki wong. Kembang ing gunungan iki digambar merga kabeh agama kuwi sing digoleki lan sing dituju Gustine. Gusti kuwi manggon paling dhuwur tinimbang para umat-umate. Paling dhuwur kuwi manungsa sing golek *puncak kejayaan*.

4.2.1.13 Tuwung

Tuwung sing ana agama kristen minangka wadhah banyu sing ana greja. Tuwung barang sing suci kanggo panjangkepan nalikane ngibadah ana greja.

4.2.1.14 Salip

Ana tengah gunungan dicathakne gambar salip sing ana agama kristen salip minangka lambang utamane. Padha karo agama kristen katolik uga migukakake lambang salip minangka lambang agamane.

4.2.1.15 Tulisan Allah (Islam)

Agama Islam Dzat sing paling Kuwasa Gusti Allah uga ana ing gunungan iki. Allah ing kene diserat kanthi tulisan arab sing diwujudake ing gaman. Saka tujuwan kanggo ngrukunake sakabehing agama sing dianut manungsa mula kabeh agama digambar ing kene.

4.2.1.16 Bintulu

Mapan ana tengah-tengah gunungan nduweni mripat siji diarani bintulu utawa atine manungsa. Ati sing mung siji, nanging bisa dadi punjer minangka laku apa sing arep dilakoni.

4.2.2 Semiotik Saben Gambar Gunungan Gapuran

4.2.2.1 Wit Gedhe

Wit minangka teges wit sing sabenere wit, wit kuwi banget penting kanggo uripe manungsa saben dinane mweraga wit sing nyaring angin saka bledug lan bisa kanggo napasae manungsa. Wit banget migunani tumrap gesang iki, tanpa wit donya iki kaya kobong lan banget panase. Ana ing gunungan wayang kulit wit sing mapan ana ing tengah minangka unsur sing paling utama, mula bisa uga sinebut kayon. Wit sing ngadeg ing tengah bener sajrone gunungan iki tegese ora mung siji, nanging bisa ditegesi wit sing nyata kanggo pengayomane manungsa urip, uga bisa ditegesi gegayuhan gedhe.

4.2.2.2 Makara

Gunungan gapuran uga nduweni gambar makara, gambar makara ing kene nduweni makna

minangka simbol lan indeks. Makara wujud liya saka geni sing diarani geni kuwi minangka *anasir* awitan dumadine manungsa. Makara gunungan mapan ana tengahe wit sing wujud sirah buta sing ilate melet. Bisa wae makara ing gunungan iki sinebut sirah Kala. Gunungan biasane nduweni ciri sing beda, nanging sing umum gunungan nduweni mung makara cacahé siji.

4.2.2.3 Omah Joglo

Omah joglo uga ana ing gunungan gapuran. Gambar Joglo minangka gegambaran saka omah wong Jawa biyen sing wujud joglo. Omah uga minangka salah sawijining panggonan manungsa kanggo ngiyup lan kanggo ngaso saben dinane jroning urip, mula omah mesthi ana sing manggoni. Manungsa sing manggon ana omah mesthi bisa diarani ayem tentrem merga panas ora panasen udan ora kudanan lan aman saka wong sing nduwe niat ala. Sajrone gambar gapura ana sing werna putih sing ateges suci, apik, ora neka-neka ayem.

4.2.2.4 Ilu-ilu Banaspati

Ilu-ilu banaspati ing gunungan nggambarake wujud setan, setan iku panggodha kanggo ngrusak manungsa, wujud setan sing kasap mata. Saka gambar ilu-ilu banaspati bisa digambarake manungsa urip iku akeh godhane. Banaspati digambarake kanthi mata sing mlorok, nduweni siyung, uga mangap sing bisa nggambarake sipat sing ala, nepsu gedhe, lan rosa ing tumindak.

4.2.2.5 Cingkara Bala lan Bala Upata

Cingkara Bala lan Bala Upata kuwi sing njaga kahyangan. Kahyangan papane para dewa sing ayem tentrem adoh saka gebyaring donya sing ngiming-imingi melek bondha lan godha. Kabeh padha ngasta pedhang lan tameng sing karepe tameng kuwi kanggo nyegah sanjata sing arep merangi lan pedhang kanggo nyerang musuh sing angreridhu. Tumrap manungsa kuwi perangan hawa nepsu sing ala aja nganti keblasuk karo godhane setan lan lawanan kaya tamenge sing njaga supaya nepsu ala ora menang lan nguwasani dhiri kita.

4.2.2.6 Segara

Makan sabenere gambar banyu segara iku minangka wujud asli saka gebyaring banyu segara sing amba kaliwuh-luwih. Segara uga nduweni

kaya sing ora ana enteke kang awujud iwak, mutiara lan sapanunggale.

4.2.2.7 Makna Kewan

Gambar ana gunungan katon lan sengaja digawe luwih jangkep ing tengah wit sing gedhe ana akeh gambar kewane menika ditujokake kanggo manungsa dene ngalam donya isine kathah, dene kanggo sipate manungsa kuwi ya ora mung siji, nanging akeh banget. Gusti nyipta manungsa kanggo manambah marang Panjenengane, nanging manungsa uga diweni kalodhangan kanggo nemtokake apa sing bakal dadi dlan uripe.

Panjenengane kanjeng Sunan Bonang kaliyan Sunan Kalijaga uga ndhapuk gunungan menika kanggo nuduhake dene jiwane manungsa menika watak macan, bantheng, kethek, manuk kuwi kagungan kersa manungsa sing komplit. Sapa sing ora bisa njaga kabecikan bakal sirna niru sipat kewan sing ala lan tansah getun ing kaluputan mbesuke.

4.2.2.8 Kembang

Kembang ana gunungan wis panggone pesthi ana paling dhuwur. Dhuwur papane sejati kasampurnan gesang nenggih Gusti. Digambar kembang merga kembang menika barang sing apik. Kembang menika endah lan panggonane madu, madu minangka tamba sing apik sing biasane digoleki tawon. Tawon bisa diarani manungsa sing ngangsu kawruh sejati sing kabeh mono kanggo gesang sing apik tansah mituhu kersane Gusti.

4.2.2.9 Geni Molat-Molat

Gunungan wayang sing ngarep ana maneka warna lan jinis gambar, dene sing sisih mburi digambar geni molat sing karepe minangka gantine wayang sing ora ana, maksude wujud wayang sing dhalang ora nduweni kaya banyu. Gunungan sing gambar geni bisa dadi gantine geni, angin, banyu segara, watu lan sapanunggale.

4.2.2.10 Wujud Lancip Mendhuwur

Lancip mendhuwur nduweni teges urip iku sing dituju Gusti Allah, sing mapan ana ndhuwur. Wong urip ing ngalam donya mesthi ana sing dituju yaiku mapan ana paling dhuwur. Gunungan ana sing ngarani khayun sing karepe dadi gegambarane urip. Khayun dhewe saka basa Arab ateges urip.

4.2.2.11 Wujud Gunungan

Gunungan minangka sawijining boneka wayang sing paling nyleneh utawa unik. Wong ngarani

wujude gunungan kaya buceng sing lancip mendhuwur uga segi lima sing nduweni teges saben wujud. Segi lima yen diwalik kaya wujud jantung manungsa. Jantung ing kene uga ditegesi jantung panguripan ana ngalam donya, mula gunungan uga minangka jantung pagelaran wayang.

4.2.2.12 Wujud Segi Lima

Gunungan nduweni wujud segi lima, segi lima sing nduweni teges lima sing diduweni agama islam. Nalika Islam mlebu ing tanah Jawa Sunan Kalijaga lan Sunan Bonang minangka sing nyipta Gunungan iki nduweni karep kanggo nyebarake agamane Gusti Allah. Agama Islam nduweni limang wektu sing kudu dilakoni, rukun Islam uga ana lima.

4.3 Filosofis Gunungan ana Pagelaran Wayang

4.3.1 Bedhol Kayon

Wayang mapan ana tengahe kelir jejer telu minangka pratandha alam sing durung ana apa-ane. Alam mati sadurunge ana sing manggoni lan urip ana alam kasebut. Alam sing gung liwang liwang tanpa ana panguripan sing manggoni. Gunungan dibedhol minangka tandha pagelaran wayang wis diwiwiti lan nduweni nilai endah. Nilai endah sing ateges alam donya paringane Gusti wis tumapak ana makluk sing tumurun ana kono lan bakal amiwiti urip ing jagad gedhe iki, mula cacah telu bali maneh kaya tegese urip sing nduweni telung perkara.

4.3.2 Pathet Nem

Gunungan telu sawise kuwi banjur ditancepake ana kiwa tengene dhalang mapan ana kelir karepe kanggo matesi wayang sing digunakake lan wayang sing kanggo simpingan. Uga kanggo mertandhani gantine gendhing mula gunungan mula bukane miring ngiwa sing ateges pathet nem. Pathet nem antarane jam 9 dalu nganti jam 12. Gunungan antarane jam 9 nganti jam 12 sak solah lan metune mesthi miring ngiwa.

4.3.3 Pathet Sanga

Ngancik tengah wengi wetara jam 12 gunungan wayang menika anggone nancepake ana tengah bener. Mertandhani wis ngancik pathet sanga sing isine gara-gara. Pathet sanga utawa gunungan ana tengah pakeliran iki dadi gambarane manungsa remaja sing ngancik diwasa.

4.3.4 Pathet Manyura

Pathet sanga ganti pathet manyura dene gunungan minangka tandhane ditancepake miring manengen. Pathet manyura dhewe nggambarake manungsa sing wis luwih diwasa saya luwih ngerti tegese urip sing sabenere.

PANUTUP

Dudutan

Tandha sing ana sawijine gunungan minangka piwulang luhur kanggo manungsa jroning urip ing donya iki akeh banget. Wayang nduweni tandha , jroning tandha kasebut ana piwulang sing kinandhut. Manungsa dikarepake ora mung kanggo sarana hiburan, nanging bisa ngonceki tuntunan apa sing kinandhut jroning sakabehing tandha kasebut. Ana larangan ana uga piweling, uga ana perintah sing *dirangkul rapi* ana gunungan wayang. Saben gambare ing saben gunungan nduweni teges sing ora padha. Kabeh gambar ora mung kanggo panjangkepi apike gunungan, nanging ditata apik supaya bisa *disisipi* tuntunan luhur sing bakal kanggo sinau manungsa supaya tansah tumindak ing bebener kanthi agama sing dadi pathokane.

Gunungan gapuran minangka sarana kanggo ngislamake wong-wong sing biyene nganut agama hindhu ing tanah Jawa iki. Digawe sarana hiburan dening panjenengane para Wali supaya manungsa sing ndelok pagelaran bisa seneng. Dene digawe nylenah supaya manungsa ketarik seneng lan sinau apa sing kinandhut ing gunungan. Narik kawigaten manungsa sing bakal njlimeti siji baka siji gambar sing ana ing gunungan wayang sing isine kebak piwulang agama islam lan kerukunan sosial masyarakat.

Hakikat minangka gunungan kreasi sing jroning piwulange kanggo kerukunane umat agama ana Nuswantara. Limang agama ana Nuswantara kabeh ginambar ana kene. Kanggo manungsa aja seneng golek benere dhewe kang sejatine ora ana agama sing mulang ala. Kapercayane manungsa ora padha, nanging aja seneng musuh. Jaganen rukune umat kaya sing dadi piwulangan saben agama kanggo tentreme urip bebarengan kanthi agama kang sesandhingan.

Ana ing pagelaran jangkep wayang kulit purwa gunungan uga ora luput weneh piwulangan. Kanthi nggambarake donya mati, urip, lan bali ing ngarsa pencipta. Gunungan mertandhani jagad sing durung ana makluk mula durung ana urip. Miwiti dibedhol tandha donya sing wis ana urip sing kabeh uga parigane Gusti sing mbesuke bakal bali maneh marang Gusti kanthi tandhane gunungan wis tinancepake ing tengah nalikane pagelaran wayang wis rampung.

Pamrayoga

Panliten ngenani makna simbolis lan nilai filosofis gunungan isih akeh kang durung diteliti kanthi jeru. Dhata sing kurang jangkep lan bab-bab liya njalari panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Ing kene panliti rumangsa yen panliten iki isih akeh kurange. Mula saka kuwi makna simbolik lan nilai filosofis gunungan wayang isih perlu dirembakakake supaya luwih sampurna.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Bastomi, Suwaji. 1992. *Gelis Kenal Wayang*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Berger, Arthur Asa. 2010. *Pengantar Semiotika*. Sleman. Tiara Wacana.
- Fiske, John. 1990. *Cultural and Communication Studies: Sebuah Pengantar Paling Komprehensif*. Yogyakarta. Jalasutra.
- Hamersma, Harry. 2008. *Pintu Masuk Ke Dunia Filsafat*. Yogyakarta: Kanisius
- Harageon, Radhita Yuka. 2009. *Aspek-aspek Simbolik Gunungan Wayang Kulit Purwa Gaya Surakarta*. Skripsi Sarjana FIPB Universitas Indonesia.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta. Gramedia
- Moleong, J Lexy. 2000. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Purwoko, Agus. 2010. *Gunungan Nilai-nilai Filsafat Jawa*. Bekasi. Adisaputra.

Saryono, Djoko, 2006. *Pergumulan Estetika Sastra di Indonesia*. Malang. Pustaka Kayutangan.

Satoto, Soediro. 1985. *Wayang Kulit Purwa Makna dan struktur Dramatiknya*. DEPDIBUD.

Sobur, Alex. 2003. *Semiotika Komunikasi*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Stiyono, Eko. 2007. *Simbolisme dalam Ukiran Gunungan "Kayon" Wayang Kulit (Telaah Semiotika Budaya)*. Skripsi Sarjana FKIP Universitas Muhammadiyah Malang.

Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya. Citra Wacana.

Sudjiman, Panuti lan Van Zoest Aart. 1992. *Serba Serbi Semiotika*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Sumardjo, Jakob. 1999. *Filsafat Seni*. Bandung. ITB.

Sumarno, Poniran lan Rasona Atot, 1983. *Pengetahuan Pedalangan*. Yogyakarta. Direktorat Pendidikan Menengah Kejuruan.

Sunarto. *Seni Wayang Kulit Purwa*. 1997. Semarang: Praha Press.

Yasasusastra, J. Syahban. 2001. *Mengenal Tokoh Pewayangan*. Yogyakarta: Pustaka Mahardika.

<http://wisata.kompasiana.com/jalan-jalan/2013/10/11/mari-selamatkan-jejak-kerajaan-majapahit-di-situs-trowulan-599560.html> 12:46 12 agustus 2014

<http://travel.detik.com/read/2012/01/19/162100/1820128/1025/merasakan-sensasi-majapahit-di-balik-gapura-wringin-lawang> 12:50 12 Agustus 2014